



Norwood Public Schools

Kanè Nòt Lekòl Elemantè Baze sou Estanda

Gid pou Paran/Gadyen

Vizyon Global Kanè Nòt Baze sou Estanda

Yon kanè nòt baze sou estanda kominike pwogrè yon elèv nan direksyon pou satisfè estanda aprantisaj pou fen ane an. Estanda nivo klas yo se de referans ki espesifye kisa chak elèv dwe konnen epi kapab fè nan chan nivo klas rive nan fen ane an. Yo sèvi kòm baz pou pwogram edikasyon, enstriksyon, ak evalyasyon nou yo, pou montre reyalizasyon pèsònèl yon timoun. Kanè nòt nou yo montre estanda aprantisaj yo jan yo di nan [Kad Referans Massachusetts](#) kounye yo, epi pwofesè yo evlaye pèfòmans elèv dapre estanda aprantisaj sa yo. Pwofesè yo fè sa lè yo mezire pèfòmans chak elèv konpare ak estanda aprantisaj idantifye a, nan plas relasyon ak pèfòmans lòt elèv yo.

Atant pou aprantisaj yo ogmante an severite ak pwofondè soti nan yon peryòt nòt ale nan sak apre a ofi-e-amezi ke elèv yo ap pwogrese nan direksyon metriz nivo klas la. Yo atann ke pi gwo kompleksite, rezonman pi sofistike, ak konpreyansyon pi fon pandan pwogresyon aprantisaj la pou reyalize metriz la nan fen ane an. Nivo pèfòmans nan kanè nòt la montre yon avansman pwogresif konpetans yo.

Depi kòmansman ane lekòl la, kanè nòt baze sou estanda yo kenbe pwofesè, paran, ak elèv yo konsantre sou rezilta yo vle yo pou objektif aprantisaj fen ane an. Norwood Public Schools bay patenarya lakay-lekòl anpil enpòtans, epi nou wè kanè nòt la kòm yon zouti enpòtan pou ale pi lwen ak konpreyansyon pataje sou avansman elèv nan domèn akademik yo ak nan abitud travay, kapasite sosyal epi konpòtman yo.

Abitid Prezans

Yon nouvo tit sou kanè nòt nou an se **“Abitid Prezans”** (Attendance Habits). Ou pral kontinye wè dosye prezans pitit ou a nan chak tèm nan fen kanè a. Men, *“Prezans ap gen enpak negatif sou pèfòmans akademik elèv la,”* se yon nouvo seksyon nan kòmansman kanè nòt la pou avèti fanmi yo ke absans, reta, oswa ranvwa pitit yo a ap kreye mank nan aprantisaj pitit yo a. Seksyon sa a pral anrejistre kòm:

Y	Wi
NA	Pa Aplikab/Non

Atant Pou Abitid Travay, Konpetans ak Konpòtman Sosyal Elèv yo

Konpetans ki endike nan seksyon Abitid Travay, Konpetans ak Konpòtman Sosyal nan kanè nòt la yo se fondasyon esansyèl pou aprantisaj nan tout lavi. Aplikasyon konpetans sa yo ede kreye yon anviwònman aprantisaj pozitif pou tout elèv nan lekòl nou yo, epi yo entwodui, devlope, epi sipòte yo atravè Norwood Public School yo. Nivo yo sèvi pou montre pwogrè nan domèn sa yo jan yo di apre a:

E	Ekselan <i>Elèv la tout tan epi poukont li satisfè atant yo nan domèn sa a.</i>
S	Satisfèzan <i>Elèv la tout tan satisfè atant yo nan domèn sa a ak yon minimòm sipò.</i>
NI	Bezwen Amelyorasyon <i>Elèv la pa tout tan epi/oswa bezwen sipò pou satisfè atant yo nan domèn sa a.</i>
U	Pa Satisfèzan <i>Elèv la bezwen fè gwo amelyorasyon pou satisfè atant yo nan domèn sa a.</i>

Nivo Pèfòmans Akademik

Nivo pèfòmans ki apre yo (ki koresponn ak deskripsyon MCAS yo) sèvi pou endike pèfòmans akademik:

4	Depase Atant yo Yon elèv k ap pèfòme nan nivo sa a ap depase atant yo pou rive nan estanda sa a.
3	Satisfè Atant yo Yon elèv k ap pèfòme nan nivo sa a ap satisfè atant yo nan tèms sa a pou estanda sa a.
2	Pasyèlman Satisfè Atant yo Yon elèv k ap pèfòme nan nivo sa a ap apwoche atant nan tèms sa a pou estanda sa a, anpil fwa bezwen tan ak/oswa sipò anplis.
1	Poko Satisfè Atant yo Yon elèv k ap pèfòme nan nivo sa a poko ap satisfè atant nan tèms sa a pou estanda sa a, menm avèk tan epi sipò anplis.
NA	Pa Evalye

Tèminoloji Baze sou Estanda yo

Evalyasyon: Pwosesis pèmanan pou ranmase done epi bay rapò sou pèfòmans yon elèv pou idantifye fòs ak feblès yo, ranfòse enstriksyon, epi swiv pwogrè. Metòd evalyasyon yo gen ladan yo tè, kesyonè, pwojè, prezantasyon, ak devwa sou fòm alafwa aloral epi alekri.

Referans: Yon sib ke yo ka rive ladann pou aprantisaj elèv nan diferan moman nan ane an, jan sa defini pa echantiyon travay elèv yo.

Kad Pwogram Edikasyon: Yon dokiman ki defini estanda yo pou chak matyè epi bay deklarasyon deskriptif ki endike kijan estanda yo aplike nan chak nivo klas.

Ribrik: Yon zouti pou note oswa evalye pèfòmans yon elèv aloral oswa alekri. Yon ribrik idantifye de kondisyon oswa karakteristik espesifik ki sèvi pou detèmine nan ki degre yon estanda te satisfè.

Estanda: Yon deklarasyon ki idantifye kisa elèv yo ta dwe konnen epi kapab fè.

Estanda Aprantisaj yo pou chak matyè ak chak nivo klas idantifye nan Kad Pwogram Edikasyon Massachusetts yo. Yo kapab wè yo anliy sou [sit entènèt Depatman Edikasyon Massachusetts](#) la.

Si yo pa atann ke yon Estanda pral evalye pandan yon peryòd notasyon, alò kanè nòt la pral gen yon koulè gri nan kolòn tèm lan pou estanda sa a.

Math: Geometry	T1	T2	T3
Classifies shapes by their lines and angles			
Draws and identifies lines and angles			

Yon domèn eksepsyon pou sa pral pòsyon **Istwa/Syans Sosyal nan kanè nòt la, paske sa yo pa anseye nan lòd espesifik chak tèm tankou Matematik, Lektè, ak Syans. Ou pral wè yon "NA" nan domèn ki pat evalye yo nan yon tèm patikilye.*

Kesyon ki Poze Anpil yo

Ki rezon kanè nòt la?

Rezon kanè nòt la se pou montre pwogrè ak reyalyasyon yon elèv nan aprantisaj estanda yo nan sa ki konsène edikasyon ak responsablite elèv ke yo trete pandan chak tèm.

Konbyen fwa yo pral distribye kanè nòt yo?

Yo pral distribye kanè nòt yo 2 fwa pa ane, pou jadendanfan epi twa fwa pa ane pou 1ye-5yèm ane. Yo rapòte pwogrè elèv kat fwa pa ane. Konferans paran-pwofesè yo pwograme an novanm ak mas.

Kijan yo pral detèmine nòt pèfòmans "Depase" (4), "Satisfè"(3), Satisfè Pasyèlman (2) oswa Poko Satisfè (1) estanda a?

Pèfòmans kouran elèv yo nan estanda aprantisaj yo detèmine alafwa pa travay aloral epi alekri yo, obsèvasyon pwofesè yo, evalyasyon fòmatif, evalyasyon komen ak ribrik yo.

Eske yon pèfòmans nivo "4" se menm ak nòt lèt "A" tradisyonèl la?

Non, yon "4" pa ta dwe gen menm valè ak yon "A". Lè yon elèv reyalye yon nivo 3, li satisfè atant estanda nivo klas la nan moman sa a pandan ane a. Pou reyalye yon Nivo 4, yon elèv dwe montre konpreyansyon ak pèfòmans pi wo pase konpetans yo atann nan fen ane a epi depase estanda nivo klas la.

Kòm estanda yo se yon atant pou fen ane, kijan pitit mwen an kapab reyalye yon Nivo 3 nan Tèm 1?

Yon eleman kle nan notasyon baze sou estanda yo se konprann kote chak elèv ye sou wout metrize la, pa sèlman nan fen ane a, men tout tan pandan ane a. Malgre ke anpil estanda nivo klas yo vize pou yo metrize nan fen ane a, li posib pou elèv yo genyen yon 3 nan Tèm 1 oswa 2 lè yo satisfè atant nan tèm kouran an pou estanda a.

➤ *Kisa Sa Ta Kapab Sanble nan Matematik:*

Nan Jadendanfan, elèv yo sou wout (nan nivo pèfòmans M) pou satisfè estanda fen ane "Konte rive 100 pa en epi dis" si yo kapab:

- Konte rive 20 pa en nan kòmansman novanm
- Konte rive 40 pa en an janvyè (referans fen Tèm 1)
- Konte rive 60 pa en epi 100 pa dis an mas
- Konte rive 100 pa en epi dis an jwen

Nan egzant an lè a, nan Tèm 1, yon elèv ta dwe fè yon 2 si li konte rive 21-39 paske lap fè pwogrè pou rive nan referans fen Tèm 1 an. Yon elè ta ka fè yon 1 si li konte rive 20 oswa mwens paske li poko satisfè atant nivo estanda yo nan moman sa a nan ane a.

➤ *Kisa Sa Ta Kapab Sanble nan Atizay Lang Angle:*

Nan 3yèm ane, elèv yo sou wout (nan nivo pèfòmans 3) pou satisfè estanda fen ane "Poze epi reponn kesyon lè yo itilize prèv soti nan tèks la pou montre konpreyansyon" si yo kapab montre estanda sa a an pèmanans pandan tout inite lekti konplè a, menm jan ak diagnostik evalyasyon lekti nou an, Renaissance Star 360.

Tanpri note ke yon elèv kapab rive nan objektif aprantisaj tèm la pou yon estanda, men si atant yo ogmante pandan peryòd notasyon apre a, elèv la kapab pa montre menm nivo konpetans la nan direksyon estanda fen ane an; alò yon elèv ta ka resevwa yon 3 nan Tèm 1, men apre resevwa yon 2 nan Tèm 2.

Kijan pwofesè yo detèmine ki nòt pou bay elèv yo?

Pwofesè yo itilize yon varyete done evalyasyon pou detèmine nivo konpetans yon elèv pou rive nan yon estanda. Yo itilize inite evalyasyon ki nan yon pwogram de baz (egzanp MyView, Envisions, StemScopes, Mystery Science) avèk pwòp evalyasyon lokal pa nou (kesyonè, echatiyon travay elèv, elatriye).

Kiyès paran/fanmi kapab kontakte pou kesyon sou kanè nòt pitit yo a?

Yo ankouraje fanmi yo pou kontakte pwofesè ak/oswa espesyalis klas la avan pou kesyon oswa enkyetid yo. Si kesyon oswa enkyetid yo a pa satisfè, fanmi yo kapab kontakte direktè lekòl la.